Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 27 март Рузман № 12 (7943) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## ХIурматиял районалъул культураялъул хIалтIухъаби ва ветеранал!

РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам-Россиялъул культураялъул хIалтIухъанасул Къо!




Бечедаб ва жинда релълъараб батизе захIматаб культура буго Россиялъул, гьеб буго нилъер чIухIи ва гIаммаб буголъи. Культураялъул хIалтIухъанасул Къо ккола культуриял рукъзазул, росдал клубазул, библиотеказул, гIолилазул творчествоялъулал рагъа-рачариязул профессионалияб байрам. Нужеца гIумруялде рахъинарула кIвар бугел социалиял ишал, цIунула ва цIикIкIинабула гIагараб ракьалъул культуриябгун тарихияб ирс, рахьдал мацIалъул ва адабияталъул кIодолъи.

Хасаб баркала буго гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун жидерго хIалбихьи кьолел ветераназе.

Гьарула нужее сахлъи, рохел, хъизамалъулаб талихI ва сахсаламалъи.

**ХIурматгун, районалъул бетIер Шамил ГIумаров**

## Лъималазул тIахьазул анкь

Россиялда щибаб соналъ тIобитIула лъималазул ва гIолилазул тIахьазул анкь. Исана гьеб халат бахъине буго 23 марталдаса 30 марталде щвезегIан. 1943 соналъул 26 марталда тIоцебе Москваялда лъималазул хъвадарухъан Лев Кассилил жигараб байбихьиялдалъун тIобитIана «ТIехьалда цIар лъеялъул къо» абураб тIоцебесеб лъималазул тIахьазул фестиваль.




Доб мехалда гIисинал цIалдолелгун дандчIвана лъималазул адабияталъул классикал Агния Барто, Самуил Маршак, Сергей Михалков, Корней Чуковский ва цогидалги машгьурал авторал.

Исана ТIолгороссиялъул лъималазул тIахьазул анкь тIобитIулеб буго Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон кIодо гьабун. Нилъер библиотекаялда гIуцIун буго «ТIехьалъул улка» абураб выставка. Нижеца гIолохъанал цIалдолел ахIулел руго тIехьалъул хIикматаб дунялалде, гьениб щибаб гьумералда гьезие ратизе руго цIиял гьудулзаби, божизе захIматал лъугьа-бахъинал ва цIиял рагьиял.

РачIа нижехъе, гьудуллъун кквe тIахьал.

**ГIабибат Мусаева**

## Решение № 2

**Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 4 марта 2026 г.**

**О внесении изменений в структуру аппаратов органов местного самоуправления муниципальго района «Цумадинский район»**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
04.03.2026 г.

Во изменение решения Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30.12.2025 г. №1 «О структуре органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» на 2026 год» и в целях дальнейшей оптимизации структуры аппаратов органов местного самоуправления МР «Цумадинский район», Собрание депутатов МР «Цумадинский район» **решает:**

1. Ввести в структуру МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма» МР «Цумадинский район» и МКУ «Управление образования» МР «Цумадинский район» изменения согласно приложению.

2.Создать при МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма» МР «Цумадинский район» муниципальное казенное учреждение культуры «Центр народной культуры».

3. Ликвидировать муниципальное казенное учреждение дополнительного образования «Районный центр дополнительного образования» Цумадинского района и муниципальное казенное учреждение дополнительного образования «Центр развития таланта», подведомственные Управлению образования.

4. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

5. Решение вступает в силу со дня его опубликования.

**Глава муниципального района Ш.Омаров**

**Председатель Собрания депутатов муниципального района Р. Магомедов**

## Изменения, которые вносятся в структуру аппаратов органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район»

| №№ п/п | Наименование должностей | Группа должностей | Количество штатных единиц | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Муниципальные служащие | | Не относящиеся к муниципальной службе | |
| | | | Входящие в лимит численности | Не входящие в лимит численности | Входящие в лимит численности | Не входящие в лимит численности |
| **МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма»** | | | | | | |
| 1 | Начальник МКУ | | - | - | - | 1 |
| 2 | Методист | | - | - | - | 1 |
| 3 | Главный специалист по туризму и учету объектов культурного наследия | | - | - | - | 1 |
| 4 | методист по спорту | | - | - | - | 0,5 |
| 5 | водитель | | - | - | - | 1 |
| | **Молодежный центр** | | | | | |
| 6 | Директор | | - | - | - | 1 |
| 7 | методист по культурно-массовой и спортивной работе | | - | - | - | 0,75 |
| 8 | методист по учебно-аналитической, волонтерской работе | | - | - | - | 0,75 |
| | **Центр тестирования ГТО** | | | | | |
| 9 | оператор ВФСК ГТО | | - | - | - | 0,5 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **7,5** |
| **МКУК «Центр народной культуры»** | | | | | | |
| 1 | Директор | | - | - | - | 1 |
| 2 | методист - культорганизатор | | | | | 1 |
| 3 | руководитель клубного формирования | | - | - | - | 0,75 |
| 4 | артист музыкант - аккомпаниатор | | - | - | - | 0,75 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **3,5** |
| **МКУ «Управление образования»** | | | | | | |
| 1 | Начальник МКУ | | - | - | - | 1 |
| 2 | Зам. начальника | | - | - | - | 1 |
| 3 | делопроизводитель - секретарь приемной | | - | - | - | 1 |
| 4 | водитель | | - | - | - | 1 |
| | **Отдел информационной и методческой работы** | | | | | |
| 5 | начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| 6 | методист | | - | - | - | 4 |
| | **Отдел дополнительного образования и развития талантов** | | | | | |
| 7 | начальник отдела | | - | - | - | 1 |
| 8 | методист | | - | - | - | 4 |
| | **Итого** | | **0** | **0** | **0** | **14** |
| | **ВСЕГО** | | **0** | **0** | **0** | **25** |

# Рагъалъ цолъизабуна Иран

### Питнаялъул байбихьи

Америкаялъулги ГIизраилалъулги Ираналде данде гьабулеб рагъ байбихьана 28 февралалда, гьеб пачалихъалъул бетIер ГIали Хаменеи, политикиялгун рагъулал хIаракатчагIи, Минаб шагьаралъул школалда цIалулел рукIарал гIисинал ясал чIваялдалъун.



Россиялъ кигIан улкаялъе хIинкъи, хIалихьатал ишал гьез гьарулел рукIаниги, Украинаялъул нухмалъулев ва рагъулаб генералитет тIагIинабизе бегьуларин нилъеде ахIи балел рукIарал Америкаялъ ва ГIизраилалъ Ираналъул бетIер ГIали Хаменеи ва тIадегIанаб рагъул корпусалъул апицерал чIвай ккола гьез бокьараб улкаялде тIаде кIанцIизе жидер къуват букIин бихьизаби. Доз бокьараб гьабизе бегьулеб буго, нилъеца нилъго цIунизе бегьулеб гьечIо.

Гьеб тунка-гIуси ккеялъе рукIана жиндирго гIиллабиги. 1979 соналда Ираналда ккараб хIуригаталъул хIасилалда Америкаялъулги гьеб улкаялъулги гьоркьорлъаби хвана. Гьелъие аслияб гIиллалъун бихьизабулеб букIана Ираналъ ядернияб бомба гьабизе хIаракат бахъулеб бугеб гIадин.

2025 соналъул июналда Ираналда ва ГIизраилалда гьоркьоб ккараб рагъулъги США-ялъ ккуна ГIизраилалъул рахъ. Гьаб нухалда Ираналде риччарал Америкаялъул ва ГIизраилалъул ракетабаз гьенир гIумруялдаса ватIа гьавуна 787 чи. Гьебго заманалда, цо-цо баяназда рекъон, ГIарабазул Цолъарал Эмиратазда ва цогидал улкабазда ругел США-ялъул рагъулал базабазда Ираналъул ракетабазул кьаби щвеялдалъун Америкаялъул чIван вуго 300-гIанасев чи.

Америкаялъулги ГIизраилалъулги тIадецуялде данде Ираналъ гьабулеб буго чIванкъотIараб жаваб. Рагъулал экспертазул пикруялда рекъон, Америкаялъул нухмалъулезда ккун букIинчIо Ираналъ гьединаб бахIарчияб дандечIей гьабилилан. Ва гьанже Америкаялъегун ГIизраилалъе къваригIун буго гьеб питнаялде гьорлъе кIванагIан улкабиги цIазе. Гьеб мурадалда батизе бегьулин рикIкIунеб буго Азербайжаналъул Нахичеван шагьаралъул аэропорталда цояб ва школалдаса гIемер рикIкIад гьечIого бортараб цогидаб беспилотникалги. Гьеб Ираналъул хIалтIи бугин чIезабизе бокьун буго ГIизраилалъеги Америкаялъеги.

Щай Ираналъе мадугьалихъ лъикIаб гьоркьоблъиялда бугеб Азербайжаналда кьаби щвезабизеян абураб суалги бачIунеб буго. Ираналъул нухмалъулезги абулеб буго гьеб жидер иш гурилан. Батизе бегьула гьеб ГIизраилалъ гьабулеб рекIкI. Амма, кин бугониги, Азербайжаналъ армия бокьараб заманалда тушманасе жаваб кьезе бажарулеб даражаялда хIадурун чIезабун буго. Гьединал нахъегIанал жал хIалел Америкаги ГIизраилги бугони, бусурбабазул улкаби цолъун, гьезде дандечIей лъазабизеги бегьула. Заманалъ гьеб дагьдагькκун бихьизабулебги буго.

Гьебго заманалда Америкаялъул штатаздаги гIадамаз разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб буго, Халкъазда гьоркьосел къотIи-къаялги сан гьаричIого, ООН-алъул Уставги хъачIго хвезабун, жибго жиндаго чIараб пачалихъалъул бетIер, гьесул хъизан-лъимал ва сверухълъи кьвагьизарунин абун.

### Цолъарал Штатазулгун гъунки гьечIеб цолъи

Америка ва ГIизраил Ираналде тIаде кIанцIиялъул мурад бугин рикIкIунеб буго цо-цо экспертаз, нарталдагун газалда кверщел гьабиялдаго цадахъ, цIатариялъул багьабиги цIикIкIинарун, Китаялъул ва Евросоюзалъул экономикаялда кьаби щвезаби. Хадуб, Россиялда кверщел гьабиги. Америкаялъ ва ГIизраилалъ Ираналда гIалагъважа гьабуна гIемерисел пачалихъаз жидер рахъкквезе букIиналда ракIги чIун. Амма иш гьезие бокьухъе ккечIо. ТIоцебе Франциялъул президент Макроница инкар гьабуна, Халкъазда гьоркьосел къотIи-къаял хвезарураб жо гьеб кколинги абун. Гьес амру гьабуна самолетал раччун хьвадулеб «Шарль де Голь» гама кьвагьагIанхъи бугеб бакIалдаса нахъе, Средиземное ралъдадехун бачеян. Британиялъул Кипралда бугеб рагъул базаялде Ираналъ гьужум гьабидал, Стармер гIедегIана Америкаялъ гьеб бакIалдаса Ираналде кьвагьулеб гьечIин ахIи базе. Испаниялъ Пентагоналъе гьукъана жидерго рагъулал базаби Ираналде гьабулеб тIадекIанцIиялъулъ хIалтIизаризе. Гьеб киналъго Трампил ццин бахъинабуна ва Испаниялъулгун даран-базар къотIизабеян буюрухъ кьуна. Рехсарал пачалихъаз гьединаб къагIидаялда хадубккунги политика билълъанхъизабулеб бугони, США-ялъул Украинаялъулго гIадаб къисмат Молдовалъги такрар гьабизе бугеб гьира гIумруялде бахъинчIого хутIизеги бегьула.

Ираналъ ядернияб программа гIумруялде бахъинабулеб букIин рагъ байбихьиялъе гIиллалъун кканиги, киназего хIинкъи бугеб улка кинабин гьикъани, Иран гуреб, ГIизраил бугин абула рагъулал экспертаз. Гьеб пачалихъалъул хIукумат хисичIони, дунялалда ракълилаб парахалъи букIине гьечIин лъазабулеб буго гьез. Гьединлъидал бачIунеб буго пикру Ираналъулгун лъикIаб гьудуллъи бугеб Россиялъ ГIизраилалъулгун дипломатиял гьоркьорлъаби хвезаризе кколин абураб. Щайгурелъул, нилъер бечелъиялдаса гьарзаго пайдаги босулаго, исламалдеги гIурусаздеги данде бугеб пачалихъ ккола ГIизраил.

### ТIаде кIанцIана, амма мурадалде щвечIо

Рагъ байбихьун ичIабилеб къоялъ Америкаялъул президент Трампица лъазабуна США-ялъул рагъулал къуватаз Ираналъул киналго самолетал кьвагьизарунин ва 44 рагъулаб гама гъанкъизабунин абун.

Амма США-ялъ ва ГIизраилалъ, Ираналъ гьарурал ураналъул нахърателал нахъе росизе хасаб спецназ битIизе бугин лъазабун букIаниги, гьелда хадур жеги щалго унел гьечIо. РакIалде ккола, гьелъие гIилла бугин Ираналъул жидерго пачалихъалъул мурадал цIунизе жеги гIураб яргъилаб ва бахIарзазул къуват букIин.

ТIаде кIанцIараз, щибаб къойил рагъуе цо-цо миллиард доллаpалъул харжги гьабулаго, Ираналъул хIукумат тIаса рехизе масъала цебелъун букIаниги, гьел мурадалде щвечIо. Щайгурелъул халкъалъ бетIерлъун вищана жидеего данде кколев чи. Гьелде тIадеги, гьеб рагъалъ нартил багьа бахинабулебги буго. Гьелъул хIасилалда Россиялда данде лъазарун рукIарал энергетикиял санкциял тIаса рехизе кколин абулел пачалихъазул, гьездаго гьоркьоб БакътIерхьул улкабазулги бутIрузул къадар цIикIкIунеб буго.

Ираналъул цIивищарав бетIер, ГIали Хаменеил вас, 56 сон барав Можтабаца ва яргъилал къуватазул нухмалъулез лъазабуна жидеца, рухIалда барахщичIого, ватIан цIунизе бугин абун. Россиялъул президент В. Путиницаги баркана Можтаб Хаменеида тIадегIанаб хъулухъалде тIами ва гьарана бергьенлъаби.

Рагъ байбихьилалде цебе Ираналъул тIолабго халкъалда ва политикиял хIаракатазда гьоркьоб букIинчIеб цолъи, Америкагун ГIизраил тIаде кIанцIидал, лъикIго щулалъана ва тушманасде данде киналго рахъана.

**Зикрула Ильясов**

**«ХIакъикъат» газеталдаса босараб**

## Гара-чIвари

# Гьабизе хIалтIи гIемер буго, амма...

**25 марталда нилъер улкаялда кIодо гьабула культураялъул хIалтIухъанасул Къо. Гьелда бан нижер мухбир Берциинай КъурамухIамадова дандчIвана районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовгун.**



**-ГIабдусалам, байбихьуда бокьилаан дуца нухмалъи гьабулеб идаралъул хIакъалъулъ дагьабго баян щвезе.**

Районалъул культураялъул управлениялъ жанибе бачуна культураялъул, туризмаялъул, спорталъул ва гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи.

**-Нужер идараялъул хIалтIул аслияб масъала щиб кколеб?**

-Нижер идараялъул аслияб масъала ккола тIадехун рехсарал хIалтIул рахъал: культура, туризм, спорт ва гIолилазда гьоркьор гьарулел ишал. Гьеб хIалтIи гьабула маданияталъулгун туризмаялъул ва спорталъулгун гIолилазул ишазул хIалтIул отделаз.

Культураялъул ва туризмалъул отделалъул хIалтIи балагьизабураб буго халкъалъул маданият, адабият, мацI, тарих ва гIадатал цIуниялде, бачIунеб гIелалъе гьелъул бечелъаби ва къимат цIуниялде. Спортивиябгун гIолилазул ишазул отделалъул хIалтIул масъала ккола гIолилазул спорталде, физкультураялде рокьи бижизаби, гьел сахаб гIумру гьабизе ругьун гьари, гьезие рухIиябгун патриотикияб тарбия кьей.

ГIемер тIоритIула районалда спортивиял тадбирал. Араб соналъ тIоритIана лъабго футболалъул ва лъабго волейболалъул турнир, спорталъул миллиял тайпабазул, шахматазул, шашкабазул, гугариялъул, тIадагьаб атлетикаялъул ва теннисалъул къецал. Гьединго санайил гIахьаллъи гьабула республикаялъулал тадбиразда. Исана тIобитIана тIоцебесеб республикаялъулаб спортакиада, гьениб нилъер районалъе щвана кIикъоялда кIиго районалда гьоркьор щуабилеб бакI. Гьединго нилъер вакилзаби гIахьаллъана батIи-батIиял фестивалазда. Санайил тIобитIула Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаров ракIалде щвезавиялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул мастерлъиялъулаб турнир.

ЛъикI гIуцIун буго гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи, гIемер щола гьел школазде ва спортивияб школалде, дандчIвала гьенир гIолилалгун. Гьезул аслиял масъалабазул цояблъун ккола квешал пишабаздаса гьел цIуни. Гьеб мурадалъе гIоло гIолилазда гьоркьор тIоритIула конкурсал, акцияби ва цогидалги тадбирал, волонтёразулгун ва «Движение первых» абураб гIолилазул багьа-бачаригун цадахъаб хIалтIи.

**-Туризмалда сверухъ кин гIуцIун бугеб районалда хIалтIи?**

Гьеб рахъалъ хIалтIи квеш гьечIо. Руго Хуштада-гIурухъ, Акнада, Хъвайни, Инхокъвари, Гьакквари ва ТIинди гьалбадерил рукъзал, хIалтIулеб буго «Горные вершины» гIолилазул туризмаялъул центр, ччугIил (форелалъул) ферма. Августалъ Хонохъ майданалда тIобитIула «Россиялъул мугIрул» туризмаялъул фестиваль, тIоритIула «Сулак высокогорная» метеостанциялде ва «ГIаддала-ШугIэр» магIарде сапар, районалда рагьун буго туристазул щуго маршрут, руго гьенире хьвадулел профессионалиял гидал. Районалда гIемер руго туристал щвезе тарихиял ва тIабигIат берцинал бакIал.

Районалде санайил вачIуна 1500-ялде гIагарун турист. ЦIилъулеб буго гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи. Бокьун буго жеги цIикIкIун гIадамал гьеб ишалде руссине. Нилъер районалъе туризм ккола цIияб рахъ. Гьедин абуниги, цебе, Советияб заманалдаги нилъехъе гIемер рачIунаан туристал, амма гьелъие данде кколел шартIал гьечIолъиялъ, жакъаги нилъеца гьелдаса пайда босулеб гьечIо.

**-Культура цохIо кечI ахIи ва кьурди кколаро, гьелъ г1емераб рахъ жанибе бачуна. Амма гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи районалда мукъсанаб буго. Щиб дуца гьелда абилеб?**

- Нужедаги бихьулеб батила гьал ахирал соназ кечI-бакъаналъул, кьурдиялъул кружокал дагълъун руго, гьелъие аслияб гIиллаги ккола гьенир хьвадизе лъимал рачIун гутIи. Исламалда рекъон гьеб хIарамаб бугин абун эбел-инсуца гьукъун руго лъимал кружоказде хьвадизе. Жакъа районалда хIалтIулеб буго цохIо хореографиялъул ясазул кружок, Гьелги санагIат гьечIого рукIунел руго районалда тIоритIулел тадбиразда цере рхьине эбел-инсул разилъи гьечIолъиялъ. Ниж хIадурал руго батIи-батIиял кружокал рагьизе, амма гьенире хьвадулел лъимал ва гIолилал цIакъго дагьал руго. Эбел-инсуца кьурди, кучIдул ахIи, бакънал рачи гIадамазда гьоркьоб лъикIаб гьечIеб пишалъун рикIкIунеб буго, гьединаб пикру бижулеб буго мажгитазде ва мадрасазде хьвадулел лъималазулги. Гьелъ гьеб рахъалъ хIалтIи гьабизе захIмалъулеб буго.

Районалда тIоритIула кечI-бакъаналъул ва цогидалги культуриял тадбирал. 2025 соналъ тIобитIана халкъияб творчествоялъул «Голос Гор» абураб республикаялъулаб фестиваль, ВатIан цIунулесул сон рагьиялда ва КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда хурхарал ва цогидалги тадбирал.

Специалистал гьечIолъиялда бан хIалтIулъ дандчIвалел руго захIмалъабиги.

**-Гьеб рахъалъ хIалтIи цебехун бачине кинаб пикру бугеб дур?**

Гьабизе хIалтIи гIемер буго, амма гьаб заманалда, гIарцул сурсатазул рахъ мукъсанаб букIиналъ, кинабго гьабун бажарулеб гьечIо.

РакIалда буго хIукуматалъул программаялдеги ккезабун районалда «ГIолилазул КIалгIа» рагьизе, капиталияб ремонт гьабун къачIазе Агъвали маданияталъул КIалгIа.

Хьул буго дунялалъул ахIвал-хIалги «роцIилин», маданияталъул рахъ цебетIезабизе нилъее ресги щвелин.

**- ГIабдусалам, баркала гара-чIвариялъе заман батаралъухъ.**

# КIалбиччанкъо- гIолилазул спортивияб байрам

20 марталда Гъоркь-гьаквари росулъ тIобитIана КIалбиччаялъул гIидалъул байрам. Тадбиралъ данде гьаруна




батIи-батIиял районазда ва шагьаразда гIумру гьабун ругел росуцоял ва гьалбал. Байрамалъулаб данделъиялъ бихьизабуна гьакварисезул кидаго букIараб вацлъи, цоцазул адаб-хIурмат гьаби, цолъи ва гьалбадеридехун бугеб рокьи.

ГIадатиял спортивиял къецал рукIана байрамалъул батIа гьабизе кIолареб бутIалъун, исана гьенире рачIун рукIана киналго ригьазул гIемерал гIахьалчагIи. ГIаммаб къагIидаялъ гьенир тIоритIана бат1и-бат1иял къецал ва волейболалъул турнир.

Гьел байрамалъулал тадбирал гIуцIизе рес щвана росдал гIадамазул цадахъаб хIаракаталдалъун ва меценатазул квербакъиялдалъун. Хасаб баркала буго байрамалъулал къецазулъ ва тIолабго росу цебетIезабиялъулъ кIвар бугеб бутIа лъолев росдал сахаватав инсан, меценат, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасе.

-Биччанте гьаб байрам нилъее букIине рухIиб рацIцIалъиялде, вацлъиялъул бухьенал щулалъиялде, нилъеда гьоркьоб рекъел букIиналде ва цоцаде ричIчIиялде рачунеб нухда тIамулеб цIияб галилъун букIине,-ян абуна росуцоязда кIалбиччаялъул гIид баркун кIалъазе вахъарав ГIабдурахIманица.

Спортивияб тадбир ана гIуцIадго ва рохалилаб ахIвалхIалалда. Гьелъул ккана хадур рехсарал хIасилал:

**ГамачI рехи**

ГамачI рехун МухIамадов АхIмадиде щварав чи гьенив лъугьинчIо, кIиабилеб бакIалде ккана ХIажиев Идрис, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Керимов МухIамадица.

**ЧIаралъуса кIанцIи**

ЧIарасулъа кIанцIун тIоцебесеб бакI ккуна Зубаиров Абулмуслимица, кIиабилеб



бакI щвана ХIайбулаев МухIамадие, лъабабилеб бакIалде ккана МухIамадов МухIамад.

**Турникалда нилъу щвезаби**

Спорталъул гьеб миллияб тайпа гIолохъабазда гьоркьоб рикIкIуна машгьураблъун. Гьеб рахъалъ тIоцебесеб бакI ккуна Керимов ХIабибица, кIиабилеб бакI- ГIабдулхаликъов МухIамадица, лъабабилеб бакIалде ккана МухIамадзагьидов МухIамад.

**Гиря рехи**

Гиря рехун бергьенлъи босана МухIамадов Русланица, кIиабилеб бакI босана ХIайбулаев МухIамадица, лъабабилеб бакIалде ккана гамачI рехун бергьарав МухIамадов АхIмад.

**Шахматал**

Шахматал хIан тIоцебесеб бакI ккуна Зиявдинов МухIамадтIагьирица, кIиабилеб бакIалде ккана МухIамадов Юсуп, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна ГIабдусаламов Сажидибирица.

**Шашкаби**

Шашкаби хIан цеве ккана Абакаров МухIамад, кIиабилеб бакIалде вачIана АхIмадов ТIахIат, лъабабилеб бакIалда гIей гьабизе ккана Зиявдинов МухIамадтIагьирица.

**Волейбол**

Турниралъул чемпионлъун бахъана «Ветераназ» команда, кIиабилеб бакI ккуна «Дудкали» командаялъ, лъабабилеб бакIалде ккана «Мукабахъе» команда.

Гьакварисез баркала загьир гьабуна байрамалъул гIахьалчагIазе, гьалбадерие ва турниралъул гIуцIарухъабазе. КIалбиччаялъул гIидалъул байрамалъ цоги нухалъ бихьизабуна цолъиялъул, гIадатазул ва цоцазе квербакъиялъул росдае бугеб кIвар.

**АхIмад МуртазагIалиев**

## Авар халкъалъул кицаби ва абиял

# Пакъир, гьеб бацIида дир ракI гурхIулеб бугилан абурабила Суракъатица

Хунзахъ вукIанила Суракъатилан цIар бугев цIакъ кIал пасихIав, аваданав мискинчи. Гьединлъидал хундерил нуцал ГIалихъиличица гьев рекIелгъеялъе хабар-кIалалъе ахIулаанила.

ГIалихъилич цIакъ гIи-боцIи гIемерав чи вукIанила.

Хасалихъе гIи хъутаналде гочунеб заман букIанила. Суракъатица ГIалихъиличида гьаранила гьесул гIияда цадахъ жиндир цо чахъуги бачине бегьиларищин хъутаналде. Валлагьин, дур цо чахъдаца кванан жиндир хъутанги лъугIиларил, гьелъие гIоло цоги вехьги тезе ккеларин, бачинилан абунила.

Щванила тIаде ихги, гочанила магIарухъе ГIалихъиличил гIиги. Вохун вукIанила Суракъат: хъутаналдаса кьаралъун жиндир чахъуги бачIун батилила, гьелда хадуб кIигониги кьечIерги батилила.

Щванилаха ав жиндирго боцIи рокъобе бачине. Валлагьин, дир гьудул, дур чахъу бацIица чIван бугилан зигара банила нуцалица мискинчиясда.

-Пакъир, гьеб бацIида дир кутакалда ракI гурхIулеб буго! -ян абунила мискинчияс.

-ЧIвараб чахъдада гурхIичIого, чахъуги чIван, кепалда бугеб бацIидагIаги щай дур ракI гурхIулеб?-ан гIажаиблъанила нуцал.

-КигIан къоха гьеб бацIида бихьун батилеб, азарго гIиялъажоялда гьоркьоб чохIоца хвараб дир чахъу балагьулаго!-ян абунила Суракъатица.

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 39,3 | 39,3 | 32,7 | 83,2 |
| 2 | Земельный налог | 12,0 | 12,0 | 2,0 | 16,7 |
| 3 | Налог на имущества | 4,0 | 4,0 | 1,0 | 25,0 |
| 4 | Прочие налоги(неналоговые) | 55,0 | 55,0 | 55,0 | 100,0 |
| 5 | Сельхоз налог | 3,5 | 3,5 | 0,0 | 0,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **113,8** | **113,8** | **90,7** | **79,7** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1944,0 | 2192,0 | 2192,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 3 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **2150,7** | **2400,1** | **2400,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2264,5** | **2513,9** | **2490,8** | **99,1** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1632,1** | **1615,9** | **1615,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1050,8 | 1043,6 | 1043,6 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **50,0** | **162,0** | **162,0** | 100,0 |
| 3 | **Резервный фонд** | | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | | |
| 5 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,4 | 137,4 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **78,4** | **525,9** | **525,9** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| 8 | **Культура** | **287,3** | **286,7** | **286,7** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 220,7 | 220,7 | 220,7 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **10,0** | **10,0** | **10,0** | 100,0 |
| | **Стихия** | | | | |
| | **Всего расходов** | **2264,5** | **2808,6** | **2808,6** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 798,9 | 1401,7 | 1401,7 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Хваршинский» З.Бадрудинов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Кеди» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 34,4 | 34,4 | 36,0 | 104,7 |
| 2 | Земельный налог | 7,0 | 7,0 | 3,8 | 54,3 |
| 3 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 3,7 | 61,7 |
| 4 | Прочие налоги(неналоговые) | 50,0 | 50,0 | 36,0 | 72,0 |
| 5 | Сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 8,2 | 205,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **101,4** | **101,4** | **87,7** | **86,5** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2128,0 | 2180,0 | 2180,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **2334,7** | **2388,1** | **2388,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2436,1** | **2489,5** | **2475,8** | **99,4** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1661,0** | **1684,1** | **1684,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1125,0 | 1116,1 | 1116,1 | 100,0 |
| 5 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,4 | 137,4 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **323,2** | **150,0** | **150,0** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| 8 | **Культура** | **165,2** | **171,4** | **171,4** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 126,9 | 126,9 | 126,9 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **30,0** | **30,0** | **30,0** | 100,0 |
| | **Выборы** | **50,0** | **102,0** | **102,0** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2436,1** | **2345,6** | **2345,6** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 798,9 | 1380,4 | 1380,4 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Кеди» М. Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Кванадинский» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 54,6 | 54,6 | 55,6 | 101,8 |
| 2 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 4,4 | 110,0 |
| 3 | Налог на имущества | 15,0 | 15,0 | 7,0 | 46,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 4,5 | 4,5 | 1,5 | 33,3 |
| 5 | Арендная плата | 35,0 | 35,0 | 27,0 | 77,1 |
| 6 | Прочие неналог. доходы | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| | **Итого собственные доходы** | **113,1** | **113,1** | **95,5** | **84,4** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2856,0 | 2926,0 | 3002,0 | 102,6 |
| 2 | Субсидия | | 160,0 | 160,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| | **Итого** | **3062,7** | **3294,1** | **3370,1** | **102,3** |
| | **Всего доходов** | **3175,8** | **3407,2** | **3465,6** | **101,7** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **2135,0** | **2101,2** | **2101,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 832,5 | 806,5 | 806,5 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **50,0** | **170,0** | **170,0** | 100,0 |
| 3 | **Резервный фонд** | | | | |
| 4 | | | **181,1** | **181,1** | 100,0 |
| 5 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,1 | 137,1 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **385,1** | **281,2** | **281,2** | 100,0 |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | | |
| 8 | **Культура** | **399,0** | **395,9** | **395,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 268,1 | 268,1 | 268,1 | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **3175,8** | **3337,5** | **3337,5** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1236,6 | 1211,7 | 1211,7 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Кванадинский» А. Халилов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Тлондода» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 24,4 | 24,4 | 19,8 | 81,15 |
| 2 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 2,8 | 56,0 |
| 3 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 3,4 | 56,7 |
| 4 | Аренда | 30,0 | 30,0 | 20,0 | 66,7 |
| 5 | Сельхоз налог | 8,0 | 8,0 | 5,8 | 72,5 |
| | **Итого собственные доходы** | 73,4 | 73,4 | 51,8 | 70,6 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | **Объем дотаций** | 1880 | 1953,5 | 1953,5 | 100 |
| 2 | Субсидия | | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 214,7 | 216,1 | 216,1 | 100,0 |
| 4 | Субсидия | | | | |
| | Итого | 2094,7 | 2169,6 | 2169,6 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | **2168,1** | **2243,0** | **2221,4** | **99,0** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1287,3** | **1259,0** | **1259,0** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 572,4 | 548,4 | 548,4 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **50,0** | **97,0** | **97,0** | **100,0** |
| 3 | **Резервный фонд** | | | | |
| 4 | | | **8,0** | **8,0** | 100,0 |
| 5 | **ВУС** | **214,7** | **216,1** | **216,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 142,0 | 143,0 | 143,0 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **296,8** | **296,2** | **296,2** | 100,0 |
| 7 | **Дорожный фонд** | | **26,5** | **26,5** | 0,0 |
| 8 | **Культура** | **175,5** | **172,9** | **172,9** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 132,5 | 132,9 | 132,9 | 100,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **143,8** | **143,7** | **143,7** | 100,0 |
| | в т. ч. зарплата | 110,4 | 110,4 | 110,4 | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2168,1** | **2219,4** | **2219,4** | 100,0 |
| | **в т.ч. зарплата** | **957,3** | **934,7** | **934,7** | **100,0** |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Тлондода» Ш. Гитинов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Гакко» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | %ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 19,8 | 19,8 | 18,7 | 94,4 |
| 2 | Земельный налог | 33,0 | 33,0 | 2,4 | 7,3 |
| 3 | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | 2,1 | 30,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 120,0 | 120,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 1,0 | 20,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **184,8** | **184,8** | **24,2** | **13,1** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1120,0 | 1171,0 | 1171,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **1326,7** | **1379,1** | **1379,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1511,5** | **1563,9** | **1403,3** | **89,7** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1245,5** | **1033,2** | **1033,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 836,6 | 810,5 | 810,5 | 100,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **30,0** | **90,0** | **90,0** | 0,0 |
| 5 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,1 | 137,1 | 100,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **39,3** | **98,2** | **98,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | | | | 0,0 |
| | **Всего расходов** | **1521,5** | **1429,5** | **1429,5** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 972,6 | 947,6 | 947,6 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Гакко» М. Магомедов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Агвали» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 979,0 | 979,0 | **965,5** | 98,6 |
| 2 | Земельный налог | 161,0 | 161,0 | **84,2** | 52,3 |
| 3 | Налог на имущества | 112,0 | 112,0 | **195,4** | 174,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | **0,2** | 10,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 20,0 | 20,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **1274,0** | **1274,0** | **1245,3** | **97,7** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 8050,0 | 8050,0 | 8627,6 | 107,2 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | | | 79,2 | |
| | **Итого** | **8050,0** | **8050,0** | **8706,8** | **108,2** |
| | **Всего доходов** | **9324,0** | **9324,0** | **9952,1** | **106,7** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **2507,8** | **2507,8** | **3169,8** | 126,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1612,6 | 1612,6 | 1883,6 | 116,8 |
| 2 | **Резервный фонд** | **100,0** | **100,0** | 0,0 | 0,0 |
| 3 | **Выборы** | **350,0** | **350,0** | **350,0** | 100,0 |
| 4 | **Дорожный фонд** | | **202,0** | **202,0** | 100,0 |
| | **ФК и спорт** | 10,0 | 10,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | **ЖКХ** | **6266,2** | **7057,4** | **7057,4** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **9234,0** | **9234,0** | **10779,2** | **116,7** |
| | в т.ч. зарплата | 1612,6 | 1622,6 | 1883,6 | 116,1 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Агвали» М. Муртазалиев**

# Пожарная безопасность при весенне-полевых работах

Весна считается самым пожароопасным сезоном, когда только сошел снег, осталась прошлогодняя сухая трава, а зеленая еще не выросла. В этот период пожар может возникнуть из-за любой оплошности, из-за брошенного непотушенного окурка, из-за битого стекла, нагретого солнцем, из-за специального выжигания сухой травы и бесконтрольного сжигания мусора при уборке территорий.

Правообладатели земельных участков (собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы и арендаторы земельных участков), расположенных в границах населенных пунктов, садоводческих, огороднических или дачных некоммерческих объединений обязаны производить регулярную уборку мусора и покос травы и должны принимать меры по защите сельскохозяйственных угодий от зарастания сорной растительностью и своевременному проведению сенокошения на сенокосах.

**Запрещается:**

- сжигание стерни, пожнивных остатков и разведение костров на полях;
- выжигание травы, сжигание мусора на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, защитным и озеленительным лесным насаждениям, без согласования с лесхозами и постоянного наблюдения;
- оставлять промасленные или пропитанные бензином, керосином или иными горючими веществами материалы (бумагу, ткань, вату и др.) в не предусмотренных специально для этого местах.
- сеять колосовые культуры в границах полос отвода и придорожных полосах автомобильных дорог. Копны скошенной на этих полосах травы необходимо размещать на расстоянии не менее 30 метров от хлебных массивов.

Нужно соблюдать нормы наличия средств пожаротушения и содержать средства пожаротушения в готовности, обеспечивающей возможность их немедленного использования.

Малейшее нарушение правил техники безопасности или правильных приемов выполнения работы может привести к несчастному случаю. Именно поэтому нужно знать правила пожарной безопасности, способы тушения пожара и соблюдать меры, предотвращающие возникновение пожаров.

При обнаружении возгорания, следует немедленно сообщить об этом по телефонам пожарно-спасательной службы - «01» или «101» (с мобильного), 112.

**ОНД и ПР № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД ИПР ГУ МЧС России по РД**

Утерянный аттестат о среднем (полном) общем образовании А №785886, выданный Агвалинской средней школой Цумадинского района 26.06.1991года на имя Абдулаевой Меседу Абдулаевны, считать недействительным.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1009
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.